

Nama :

Nomor Induk :



PEMERINTAH KABUPATEN GUNUNGKIDUL
DINAS PENDIDIKAN
KORWIL BIDANG PENDIDIKAN KAPANEWON PANGGANG
Alamat : Jalan Panggang – Wonosari, Giriharjo, Panggang, Gunungkidul 55872

ASESMEN MADRASAH (AM)
TAHUN PELAJARAN 2024/2025

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari, Tanggal	: Senin, 5 Mei 2025
Kelas	: IV (Enam)	Pukul	: 09.30 – 11.00 WIB

Wacanen kanthi patitis!

Perang Baratayuda

Perang Baratayuda kuwi perang antarane Pandhawa mungsuh Kurawa. Duk nalika semana, Begawan Abiyasa kang jumeneng nata ing Ngastina kagungan putra telu, yaiku: Raden Dhestarastra, Raden Pandhu lan Raden Widura. Awit Raden Destarastra kuwi cacat netrane, mula kang kasengkakake ngaluhur jumeneng nata Raden Pandhu lan jejuluk Prabu Pandhu Dewanata. Prabu Pandhu Dewanata kagungan putra lima kakung kabeh kang aran Pandhawa, tegese putrane Pandhu. Putra lima mau yaiku: Yudhistira, Werkudara utawa Bratasena, Arjuna, Nakula lan Sadewa. Prabu Dhestarastra kagungan putra cacahé satus, aran Kurawa. Putra pembayun aran Duryudana utawa Suyudana.

Nalika Prabu Pandhu Dewanata seda, para Pandhawa isih cilik. Mula negara Ngastina dititipake marang Prabu Dhestarastra. Sawise Duryudana ngancik dewasa Prabu Dhestarastra masrahake pusaraning praja Ngastina marang Duryudana. Paribasan wis “ngemut legine gula”, nalika Sri Kresna dinuta njaluk baline negara Ngastina, Prabu Duryudana ngukuhi lan ora nedya ngulungake. Mula mapan ing tegal Kurusetra ana kedadeyan perang gedhe kang aran Perang Baratayuda..

Watake Pandhawa kang luhur bebudene lan nengene kautaman kuwi yen meruhi kahanan paprangan sejatine duwe rasa ora tegel. Nanging amarga njejegake adil, mula perang kudu dilakoni. Beda karo watake Kurawa sing banget srakah lan ngegungake angkara murka. Dheweke lali purwa duksina tegel marang kadang Pandhawa lan tansah sesumbar pating brengok nedya merjaya para Pandhawa.

Perang kuwi saya suwe saya gedhe. Akeh sing wis dadi bantening perang, para satriya putra Pandhawa lan para kadang Kurawa. Prabu Duryudana kang maju ing paperangan satemah sirna ing tangane Werkudara. Perang Baratayuda purna sawise wolulas diana. Pandhawa kang ngugemi bebener wusana unggul ing jurit.

Kapetik saking : Sinau Basa Jawa Kelas VI

Wenehana tandha ping (x) huruf a, b, c utawa d jawaban sing paling bener ana ing lembar jawab!

Kanggo soal nomer 1-5 garapen manut wacan ing dhuwur!

1. Sing diarani perang Baratayuda yaiku
 - a. perang rebutan bandha lan panguwasa.
 - b. perang antarane sedulur lan keluarga
 - c. perang antarane satriya mungsuh para buta.
 - d. perang antarane Pandhawa mungsuh Kurawa.
2. Ukara pitakon kang mathuk karo paragraf kaping loro (2) yaiku
 - a. Kapan perang Baratayuda?
 - b. Sapa sing perang Baratayuda?
 - c. Genea kedadeyan perang Baratayuda?
 - d. Mapan ing ngendi perang Baratayuda?

3. Watake Pandhawa lan Kurawa iku pancen beda. Watake para Kurawa yaiku
 - a. luhur bebudene lan nengenake kautaman
 - b. srakah lan ngegungake angkara murka
 - c. seneng tetulung marang wong liya
 - d. seneng paring dana wong kekurangan
4. Perang Baratayuda purna sawise
 - a. wolulas dina.
 - b. wolulas minggu.
 - c. wolulas wulan
 - d. wolulas tahun
5. Prabu Duryudana kang maju ing paperangan satemah sirna ing tangane
 - a. Werkudara
 - b. Gathutkaca
 - c. Antareja
 - d. Antasena
6. Jenise tembang iku werna-werna. Tembang Kinanthi kalebu jenise tembang...
 - a. dolanan
 - b. macapat
 - c. tengahan
 - d. gedhe

Gatekna tembang Kinanthi ngisor iki, kanggo njawab soal nomer 7 lan 8

Kinanthi Mangu

Kang aran bebuden luhur

Dudu pangkat dudu ngelmi

Uga dudu kapinteran

Lan dudu para winasis

Apa maneh kasugihan

Nanging mung sucining ati

7. Tembang Kinanthi ing dhuwur kadadean saka ... gatra
 - a. 4 (papat)
 - b. 5 (lima)
 - c. 6 (enem)
 - d. 7 (pitu)
8. Guru wilangan lan guru lagu ana ing gatra kaping telu tembang Kinanthi ing dhuwur yaiku
 - a. 8 a
 - b. 8 i
 - c. 8 u
 - d. 8 o

9. Gatekna parikan ngisor iki!

*Rujak nangka rujak wuni,
kaduk trasi kurang gula,
sabab dina den taberi,*

....

Bacutane parikan ing dhuwur yaiku

- a. supaya iso diajeni
- b. aja lali sinau
- c. kudu sregep lan nastiti
- d. nastiti sabarang karya

10. Maca geguritan iku beda karo maca crita. Maca geguritan iku becike nganggo paugeran 3 w, yaiku:
wiraga, wirasa lan wirama.

Sing diarani wirama yaiku

- a. pasuryane nalika maca geguritan
- b. obahing awake nalika maca geguritan
- c. olah swara antarane intonasi, cetha swara lan pangucap
- d. olah rasa antarane rasa bungah, susah ora digebyah uyah

11. Gatekna geguritan ngisor iki!

Banjir Bandhang

Wus pira donya brana sing kendhang

Wus pira nyawa-nyawa sing sirna

Durung sing kekitrang nyingkiri bebaya

saka krodhane banjir bandhang

...

Tembung *kendhang* ana ing geguritan dhuwur pada tegese karo tembung

- a. gedhe
- b. ketemu
- c. mlumpuk
- d. keli

12. Pak Hardo uripe rekasa amarga ragat putra akeh. Senadyan mengkono durung bisa nyukupi ragade putra-putrane. Paribasane

- a. kebo mulih ing kandhange
- b. kebo mutung pasangan
- c. kebo kabotan sungu
- d. kebo nusu gudel

13. Angin puting beliung umume ing wayah sore, tandha-tandhane ing wayah awan ana mega putih kanthi arah munggah. Mega mau banjur dadi mendhung ireng nggameng dikantheni angin. Hawane krasa

panas lan sumpeg. Saya suwe angin saya banter lan ana udan deres utawa udan es. Mula, yen nemoni tandha-tandha mengkono kudu waspada lan ngati-ati, paribasane, “pupur sadurunge benjut”.

Tegesi paribasan “pupur sadurunge benjut” yaiku

- a. ngati-ati sadurunge ketaman
- b. golek wektu kang prayoga
- c. luput saka bebaya
- d. tanpa ana pawarta

14. Wong kang kepingin cukup uripe ora kena mung ngekep dhengkul wae.

Tembung ngekep dhengkul tegese

- a. trampil nyambut gawe
- b. sregep nyambut gawe
- c. pinter nyambut gawe
- d. kesed nyambut gawe

15. Siti melu lomba macapat ing sekolahan. Siti sinau lan latihan mumpeng supaya menang. Siti menang lan oleh juara siji. Siti pancen bocah kang ora gampang pasrah.

Tembung entar kang tegese ora gampang pasrah yaiku

- a. panas atine
- b. gedhe tekade
- c. sugih omong
- d. entheng sanggane

16. Upacara adat minangka rasa syukur kanggo nyambut kelairan bayi diarani

- a. tingkeban
- b. brokohan
- c. selapanan
- d. tedhak siti

17. Upacara adat iku werna-werna. Salah sijine yaiku upacara Ruwatan, yaiku upacara kanggo

- a. ngluwari bocah sukerta
- b. ngresiki desa sawise panen
- c. bocah arep mudhun ing lemah
- d. slametan bubar mayit dimakamake

18. Gatekna busana adat ing ngisor iki!

- (1) surjan
- (2) kebaya
- (3) gelungan
- (4) timang
- (5) selop

Kang kalebu busana adat wong lanang gagrag Ngayogyakarta yaiku

- a. (1), (2), (3)
- b. (1), (4), (5)

- c. (2), (3), (5)
- d. (2), (4), (5)

19. Gatekna gambar gamelan ngisor iki.

Perangan gamelan kang aran gender yaiku

a.



b.



c.



d.



20. Gatekna gambar wayang ngisor iki!



Gambar wayang ing dhuwur asmane

- a. Puntadewa
- b. Werkudara
- c. Janaka
- d. Nakula

21. Perang Baratayuda iku perang antarane

- a. Pandhawa mungsuh Kurawa
- b. Pandhawa mungsuh Amarta
- c. Kurawa mungsuh Amarta
- d. Kurawa mungsuh Astina

22. Gatekna tokoh wayang ngisor iki!

- (1) Yudhistira
- (2) Dasamuka
- (3) Arjuna
- (4) Duryudana
- (5) Kresna

Tokoh wayang sing ditata ing pakeliran sisih tengen diarani simpingan tengen yaiku wayang

- a. (1), (2), (3)
- b. (1), (3), (5)
- c. (2), (3), (4)
- d. (2), (4), (5)

23. Jeneng perang ana ing pewayangan iku warna-werna. Perang antarane satriya mungsuh buta diarani perang

- a. Brubuh
- b. Ranjapan
- c. Kembang
- d. Tandhing

24. Wayang dhudhahan yaiku wayang sing disimpen ing sajroning kothak lan kerep dilakokake dening dhalang. Sing kalebu wayang dhudhahan Raseksa yaiku

- a. Dursasana, Durmagati, Sengkuni
- b. Cakil, Buta rambut Geni, Buta Terong
- c. Limbuk, Cangik, Ampil-ampil
- d. Anila, Anggada, Kapi Kingkin

25. Gatekna gambar ngisor iki!



Gambar wayang ing dhuwur gamane

- a. Panah Pasopati
- b. Gada Rujakpala
- c. Senjata Kuntawijaya
- d. Serat Jamus Kalimasada


26. Pandhawa iku putrane Pandhudewanata.

Kang kalebu tokoh wayang Pandhawa yaiku

- a. Semar, Gareng, Petruk, Bagong
- b. Durna, Sengkuni, Duryudana, Kumbakarna, Citraksi

- c. Karna, Kresna, Werkudara, Antareja, Antasena
- d. Puntadewa, Werkudara, Arjuna, Nakula, Sadewa

27. Gatekna gambar tanduran obat-obatan ngisor iki!



Gambar tanduran ing dhuwur kang bisa kanggo tamba lara maag, anti radang lan tamba lara kuning ...

- a. (1)
- b. (2)
- c. (3)
- d. (4)

28. Gatekna jeneng tanduran ngisor iki!

- (1) pace, kemukus, cabe, blimbing
- (2) godhong kates, godhong kelor, kemangi
- (3) remujung, kajibeling, tapak dara, cocor bebek
- (4) jae, laos, kencur, kunir, temu lawak, temu ireng

Tanduran ing dhuwur sing kalebu bahan janganan pinangka sumber vitamin lan mineral kang nduweni kasiyat jamu

- a. (1)
- b. (2)
- c. (3)
- d. (4)

29. Aku durung sida dolan menyang Candhi Prambanan ... sekolahanku durung prei.

- a. nanging
- b. amarga
- c. lan
- d. sarta

30. Gendule iki wis kothong ... , isenana!

Tembung kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku

- a. blong
- b. koklok
- c. nylarong
- d. gombong

31. Adhiku ... toko buku arep tuku buku, kertas manila, ... pulpen.

Tembung ancer-ancer lan tembung pangiket kang trep kanggo ngganepi ukara ing dhuwur yaiku ...

- a. saka ; lan
- b. saka ; karo
- c. menyang ; lan
- d. menyang ; sarta

32. Aku ... unjukan kanggo Simbah.

Tembung kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku

- a. caoske
- b. nyaosake
- c. diparingi
- d. maringake

33. Aku dikongkon Bapak menehake surat ulem kanggo Pak Krama.

Basa kramane tembung dikongkon lan menehake ing ukara dhuwur yaiku

- a. dikengken ; nyaosake
- b. dikengken ; maringake
- c. didhawuhi ; nyaosake
- d. didhawuhi ; maringake

34. Bapak uwis adus, aku uga uwis adus.

Ukara ing dhuwur basa kramane

- a. Bapak sampun adus, kula ugi sampun adus
- b. Bapak sampun siram, kula ugi sampun siram
- c. Bapak sampun adus, kula ugi sampun siram
- d. Bapak sampun siram, kula ugi sampun adus

35. Saiki donyane wis tuwa, mula mratah tumindak *angkara*

Tembung kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku

- a. asor
- b. krama
- c. murka
- d. suta

36. Tembung **kreteg bubrah** menawa ditulis nganggo aksara Jawa

- a. 
- b. 
- c. 
- d. 

37. Bapak nembe ngunjuk kopi.

Ukara ing dhuwur menawa ditulis nganggo aksara Jawa

- a. 
- b. 
- c. 
- d. 


38. Gatekna tulisan Jawa ngisor iki!



Ukara ing dhuwur diwaca

- a. Sartini suku klambi
- b. Sartini nganggo klambi
- c. Sartini lagi suku klambi
- d. Sartini lagi ngambah klambi

39. Gatekna ukara kang ditulis nganggo aksara Jawa ing ngisor iki!



Tulisan Jawa ing dhuwur diwaca

- a. Pak Badri tumbas kopyah
- b. Pak Badri mundhut kopyah
- c. Pak Badri ngagem kopyah
- d. Pak Badri nganggo kopyah

40. Prasetya suku klambi anyar.

Ukara ing dhuwur menawa ditulis nganggo aksara Jawa

- a. 
- b. 
- c. 
- d. 